



New York City Covid-19 Privilèj Pèmi Pakin

Ki kote mwen ka pake avèk pèmi a?

- Ou ka pake gratis nan nenpòt espas pakin ki gen kontè (Pasaje oswa Komèsyal).
- Nenpòt espas ki make “No Parking”.
- Nenpòt siy ki edike règleman pou netwayaj lari (pano ki gen senbòl yo bale).
- Zòn Pakin Sèlman pou Plak Doktè Medikal (MD)
- Nenpòt espas ki make “Truck Loading Only.”

Eksepsyon: Tanpri li siy sa yo ak anpil atansyon, paske li posib pou se sèlman pandan jou ak lè kamyon yo ka pake moun ki gen pèmi yo ap ka pake la. Pa egzanp, si yo pano make “Truck Loading Only 10am-3pm” Moun ki gen pèmi yo ka pake la sèlman lè sa yo.

Ki kote mwen pa ka pake avèk pèmi a?

- Espas ki sèlman pou anbilans ak ti anbilans yo.
- Zòn pou pa rete, Zòn pou pa kanpe, Zòn jou lekòl, Zòn pou pa kanpe jeneral ak lè restriksyon (pa egzanp, “No Standing between 4-7 PM”), oswa Zòn nan otèl pou chaje.
- Zòn dife, Zòn otobis, Pòs taksi, chemen pou antre nan kay, kafou oswa twotwa.
- Liy otobis (lè yo aktif selon pano) oswa Liy bisiklèt.
- Nan yon distans 15 pye oswa mwens ka yon bouch ensandi.
- Nenpòt espas ki make Machin Otorize, takou Diplomat (DPL), Laprès New York (NYP), oswa nenpòt Ajans Gouvènmantal.
- Zòn pou chaje kamyon nan Garment District defini tankou kafou ant West 35th ak West 41st Streets, ant 6th ak 8th Avenues.
- Nenpòt espas ki make Machin Otorize, tankou Diplomat (DPL), Laprès New York (NYP), oswa nenpòt jans gouvènmantal.
- Zòn kote NYPD ak/oswa Biwo Medya ak Amizman Majistra a te rezève pakin pou yon fim oswa tounaj televizyon.
- Ri ki gen NYPD fèmèn pou parad, festival, oswa lòt evènman konsa.
- Nan espas ki rezève pou machin moun pataje.
- Ou pa dwe pake an doub oswa bloke okenn liy trafik.

Sonje: **Ou sipoze itilize pèmi ou a sèlman pou travay ki gen pou wè ak zafè medikal.** Li ka afiche sèlman nan machin ki sou pèmi an.

Si ou resevwa yon sitasyon pakin nan yon zòn pèmi ou a otorize, tanpri suiv enstriksyon sou kontravansyon ou te resevwa konsènan fason pou konteste kontravansyon an.